

## Kritè Elijiblite Pwogram pou Depistaj pou Lavi ak Pwogram Koneksyon Swen Sante a

Elijibilite defini pa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Eta Delaware, Divizyon Sante Piblik.

Yon Aplikan dwe satisfè kritè sa yo pou kalifye pou sèvis nan Pwogram Depistaj pou Lavi ak Koneksyon Swen Sante ofri pa Divizyon Sante Piblik Delaware:

- **Rezidans Delaware**
  - Definisyon: Yon moun ki se yon rezidan pèmanan nan eta Delaware e ki gen entansyon rete nan eta Delaware.
- **Revni**
  - Gid Federal Povrete pou 2023 ki baze sou revni anyèl kay la ak kantite moun ki nan kay aplikan an. Yon kay gen ladann kliyan an, mari oswa madanm li (si li marye), ak tout timoun depandan ki poko gen 18 an.
  - Li pa elijib pou Medicaid/Medicare epi li pa kalifye pou achte asirans oswa egzante de manda asirans federal.
- **Asirans**
  - Sèvis yo bay si kritè sa yo satisfè:
    - San asirans medikal
      - Pa gen asirans medikal.
      - Pa enskri epi li pa kalifye pou Medicaid kòm kouvèti sante prensipal.
      - Pa Elijib pou oswa yon benefisyè pou Medicare.
      - Li pa elijib pou achte asirans sante oswa egzante de manda asirans federal.
    - Pa gen asirans medikal
      - Gen asirans men sèvis tès depistaj tete, matris, kolon, poumon ak/oswa pwostat yo pa kouvri.
      - Gen asirans ak yon franchiz ki egal a oswa plis pase 15% nan revni yo
- **Laj ak Faktè Risk (depistaj pou lavi)**

Sitwayen Amerikenki gen Revni ki Ba Resòtisan Ameriken ak Etranje ki Prezan Legalman (5 ane oswa plis rezidans) ka oblije aplike pou Medicaid/Medicare ak Mache anvan yo enskri nan tès Depistaj pou la Vi ak Koneksyon Swen Sante.

## Dokimantasyon Akseptab pou Depistaj pou Lavi ak Pwogram Koneksyon Swen Sante a

- **Prèw Non ak Dat Nesans (pa dwe ekspire)**

**Remak:** Si dokiman yo bay la ekspire pandan peryòd enskripsyon an, yo dwe soumèt yon nouvo dokiman nan 10 jou apre ekspirasyon an, oswa enskripsyon an ap sispann.

- Lisans chofè Delaware (make kòm valab pou objektif idantifikasyon)
- Kat Idantifikasyon Eta Delaware
- Paspò
- Kat Rezidan Pèmanan
- Kat Otorizasyon Travay
- Viza
- Kat konsila (pa ka itilize pou prèw rezidans)
- Batistè (kapab itilize sèlman pou minè)

- **Prèw Inelijibilite oswa Egzanpsyon nan Mache Swen Sante**

- Fòm Oto-Atestasyon Kliyan (Itilize Fòm SFL sèlman)
- Lèt refi Medicaid/Medicare (ki date 120 jou apre dat aplikasyon an)

- **Prèw Revni Kay la (ki date nan 30 jou apre dat aplikasyon an)**

- Souch Pèman ki montre salè brit ak dediksyon nan men Kliyan ak mari oswa madanm (si yo marye) epi ki dwe genyen non legal kliyan an enkli (pa gen okenn ti sou non). Pa ka aksepte chèk pèsònèl.
  - 4 Souch Pèman pou Pèman Chak Semenn
  - 2 Souch Pèman pou Pèman chak de semèn
  - 1 Souch Pèman pou Pèman Mansyèl
- Fòm Verifikasyon Travay SFL (yo ka itilize sèlman si kliyan oswa mari oswa madanm pa resevwa souch pèman. Yo p ap aksepte okenn lòt fòm Verifikasyon Travay.)
- Sous Revni Adisyonèl ( Lèt Prim)
  - Konpansasyon Travayè
  - Sekirite Sosyal
  - Andikap
  - Pansyon Alimantè
  - Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF)
  - Sipò pou Timoun
  - Pansyon
  - Chomaj
- Si Kliyan ak Mari oswa Madanm (si marye) se yon travayè endepandan, Deklarasyon Enpo Konplè (Tout paj ak orè yo enkli epi yo dwe gen ladan non legal kliyan ak mari oswa madanm, pa gen ti sou non)
- Lèt Sipò (Itilize Fòm SFL sèlman) ki soti nan moun ki bay sipò finansye a kliyan an. (Mari oswa Madanm nan pa ka bay lèt sipò. Paran yo pa kapab soumèt Lèt Sipò pou timoun minè nan kay yo).

- **Prèw Rezidans Delaware (pa dwe ekspire).**

- Lisans chofè Delaware (dwe montre adrès aktyèl la epi make kòm valab pou objektif idantifikasyon)
- Kat Idantifikasyon Eta Delaware (dwe gen adrès aktyèl la ladan l)
- Akò lokasyon/kontra lwaye aktyèl (pa ka ekspire epi yo dwe gen adrès aktyèl laladan l)
- Bòdwo pou sèvis piblik/Fakti ki gen non kliyan an ak mari oswa madanm lan ak adrès aktyèl ki nan lis (pa mwens pase 30 jou anvan dat aplikasyon an)
- Ranpli Fòm Verifikasyon Adrès SFL (Okenn lòt fòm Verifikasyon Adrès p ap aksepte)